

Tibebe ou nan 2 mwa

Non Tibebe a

Laj Tibebe a

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason tibebe ou an jwe, aprann, pale, aji, ak bouje ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan tibebe ou an te atenn rive nan laj 2 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè tibebe ou an sou etap enpòtan tibebe ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.



Kisa pifò tibebe fè rive nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Kalme l lè yo pale ak li oswa lè yo pote li
- ☐ Gade figi ou
- ☐ Sanble kontan pou wè ou lè ou mache vin nan direksyon li
- ☐ Sourì lè ou pale ak li oswa lè ou souri ba li

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Fè lòt son apade son kriye
- ☐ Reyaji ak son ki fò

Etap enpòtan Koyitif (apann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Gade w pandan w ap bouje
- ☐ Gade yon jwèt pandan plizyè segonn

Etap enpòtan Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Kenbe tèt li anlè lè li sou vant
- ☐ Bouje toude bra ak toude janm yo
- ☐ Louvri men yo pandan yon ti tan kout

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay ou menm ak tibebe ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay tibebe ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay tibebe ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske tibebe ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen anvan?
- Èske tibebe ou an gen bezwen nenpòt swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen kò tibebe ou an pi byen. Pa rete tann. Si tibebe ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè tibebe ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyète:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye tibebe ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè ki nan Eta ou a oswa teritwa ou a pou w konnen si tibebe ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Aprann plis epi jwenn nimewo a nan **[cdc.gov/FindEI](https://www.cdc.gov/FindEI)**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w ede tibebe ou an, ale sou **[cdc.gov/Concerned](https://www.cdc.gov/Concerned)**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ede tibebe ou an aprann epi grandi

Antanke premye pwofesè tibebe ou an, ou ka ede l pou l aprann ak pou devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè epi ak pwofesè tibebe ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman tibebe ou an.



- Reponn tibebe ou an yon fason ki pozitif. Se pou w aji ak anpil kè kontan, souri, epi pale avèk li lè li fè yon son. Sa aprann li “pale” atoudewòl ak ale vini nan yon konvèsasyon.
- Pale, fè lekti, ak chante pou tibebe ou an pou ede l devlope ak konprann langaj.
- Pase tan ap karese tibebe ou epi kenbe l. Sa pral ede l santi li an sekirite epi santi yo okipe l. Ou pap gate tibebe ou an lè w kenbe l oswa lè w reponn li.
- Lè w reyaktif ak tibebe ou an, sa ede l aprann epi grandi. Si ou limite tan ou pase sou ekran lè w avèk tibebe ou an, sa ede w reyaktif avèk li.
- Pran swen tèt ou. Wòl Paran ka yon travay di! Li pi fasil pou w pwofite de nouvo tibebe ou an lè w santi w byen ou menm.
- Aprann remake epi reyaji ak siyal tibebe ou an pou konnen kisa l santi ak kisa l bezwen. Ou pral santi w byen epi tibebe ou an ap santi l an sekirite epi l ap santi yo renmen l. Pa egzanp, èske l ap eseye “jwe” avèk ou nan fè son epi gade w, oswa li vire tèt li lwen, li baye, oswa li vin rechiya paske li bezwen yon poz?
- Mete tibebe ou an sou vant li lè li jeklè epi mete jwèt devan l nannivo zye l. Sa pral ede l aprann leve tèt li. Pa kite tibebe ou an poukont li. Si li sanble anvi dòmi, mete l sou do nan yon kote pou l dòmi an sekirite (matla fèm san lenn, zòrye, kousen pwoteksyon, oswa jwèt).
- Bay tibebe ou an sèlman lèt tete oswa fòmila. Tibebe yo pa pare pou lòt manje, dlo oswa lòt bwason pandan apeprè 6 premye mwa yo nan lavi yo.
- Chèche siy yo pou aprann kilè tibebe ou an grangou. Siveye siy grangou yo, tankou mete men nan bouch, vire tèt nan direksyon tete/bibwon, oswa klake/niche po bouch.
- Chèche siy ki endike vant tibebe ou an plen, tankou fèmen bouch li oswa vire tèt li lwen tete/bibwon an. Si tibebe ou an pa grangou, pa gen pwoblèm pou w sispann nourir li.
- Pa souke tibebe ou an ni pa kite okenn lòt moun fè l — jamè! Ou ka donmaje sèvo li oswa menm lakòz lanmò l. Mete tibebe ou an nan yon kote ki an sekirite epi deplase lwen si ou enève lè l ap kriye. Siveye li chak 5–10 minit. Kriye tibebe souvan pi mal nan premye mwa yo nan lavi l, men sa vin amelyore!
- Se pou ou gen woutin pou dòmi ak manje. Sa pral ede tibebe ou an kòmanse aprann ak kisa pou l atann li.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Tibebe ou nan 4 mwa

Non Tibebe a

Laj Tibebe a

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason tibebe ou an jwe, aprann, pale, aji, ak bouje ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan tibebe ou an te atenn rive nan laj 4 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè tibebe ou an sou etap enpòtan tibebe ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.



Kisa pifò tibebe fè rive nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Souris pou kont li pou atire atansyon ou
- ☐ Fè ti ri (se poko yon ri konplè) lè ou eseye fè l ri
- ☐ Gade ou, bouje, oswa fè son pou atire oswa pou kenbe atansyon ou

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Fè son tankou “oooo”, “aaaa” (gazouye)
- ☐ Fè son limenm tou lè ou pale avèk li
- ☐ Vire tèt nan direksyon son an vwa ou

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Si li grangou, li louvri bouch li lè li wè tete oswa bibwon
- ☐ Enterese nan gade men li

Mouvman/Devlopman Fizik Etap enpòtan

- ☐ Kenbe tèt li fiks san sipò lè ou kenbe l
- ☐ Kenbe yon jwèt lè ou mete l nan men l
- ☐ Sèvi ak bra l pou balanse jwèt yo
- ☐ Pote men yo nan bouch li
- ☐ Pouse monte sou koudbra/avanbra lè li sou vant

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay ou menm ak tibebe ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay tibebe ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay tibebe ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske tibebe ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen anvan?
- Èske tibebe ou an gen bezwen nenpòt swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen kò tibebe ou an pi byen. Pa rete tann. Si tibebe ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè tibebe ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye tibebe ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè ki nan Eta ou a oswa teritwa ou a pou w konnen si tibebe ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w ede tibebe ou an, ale sou [cdc.gov/Concerned](https://www.cdc.gov/Concerned).

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ede tibebe ou an aprann epi grandi

Antanke premye pwofesè tibebe ou an, ou ka ede l pou l aprann ak pou devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè epi ak pwofesè tibebe ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman tibebe ou an.



- Reponn tibebe ou an yon fason ki pozitif. Se pou w aji ak anpil kè kontan, souri, epi pale avèk li lè li fè yon son. Sa aprann li “pale” atoudewòl ak ale vini nan yon konvèsasyon.
- Bay tibebe ou an okazyon ki san danje pou li atenn jwèt, choute jwèt yo ak eksplòre sa ki toutotou li. Pa egzanp, mete l sou yon dra avèk jwèt ki san danje.
- Pèmèt tibebe ou an mete nan bouch li bagay ki san danje pou li eksplòre yo. Se fason sa tibebe yo aprann. Pa egzanp, kite l wè, tande, ak manyen bagay ki pa file, ki pa cho, oswa ki pa ase piti pou toufe l.
- Pale, fè lekti, epi chante pou tibebe ou an. Sa pral ede l aprann pale epi konprann mo pita.
- Limite tan ou pase devan ekran (televizyon, telefòn, tablèt, elatriye), rete sèlman pou apèl videyo avèk moun pwòch ou yo. Tan devan ekran pa rekòmande pou timoun ki pi piti ke 2 zan. Tibebe yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Bay tibebe ou an sèlman lèt tete oswa fòmila. Tibebe yo pa pare pou lòt manje, dlo oswa lòt bwason pandan apeprè 6 premye mwa yo nan lavi yo.
- Bay tibebe ou an jwèt ki san danje pou li jwe epi ki fasil pou l kenbe, tankou tchatcha oswa liv an twal ak imaj chaje ak koulè pou laj li.
- Kite tibebe ou an gen tan pou l bouje epi kominike avèk moun ak objè pandan tout jounen an. Eseye pa kite tibebe ou an pandan twò lontan nan balansin, pousèt, oswa chèz ki rebondi.
- Se pou ou fikse woutin regilye pou dòmi ak manje.
- Mete tibebe ou an sou do epi montre l yon jwèt ki gen koulè klere. Deplase jwèt la dousman de goch a dwat epi dewotanba pou wè si li gade kòman jwèt la ap bouje.
- Chante epi pale avèk tibebe ou an pandan w ap ede l “fè egzèsis” (bouje kò li) pandan kèk minit. Dousman pliye epi bouje bra ak janm li dewotanba.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Tibebe ou nan 6 mwa

Non Tibebe a

Laj Tibebe a

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason tibebe ou an jwe, aprann, pale, aji, ak bouje ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan tibebe ou an te atenn rive nan laj 6 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè tibebe ou an sou etap enpòtan tibebe ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò tibebe fè rive nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Konnen moun li abitye
- ☐ Renmen gade tèt li nan yon glas
- ☐ Ri

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Tounen fè son atoudewòl avèk ou
- ☐ Souble "rasberi" (file lang soti epi soufle)
- ☐ Fè bri pèsan long

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Mete bagay nan bouch li pou eksplòre yo
- ☐ Rive pran yon jwèt li vle
- ☐ Fèmen po bouch li pou montre li pa vle plis manje

Mouvman/Devlopman Fizik Etap enpòtan

- ☐ Woule sot sou vant pou ale sou do
- ☐ Pouse monte kò l avèk bra li dwat lè li sou vant
- ☐ Pran apui sou men li yo pou soutni kò l lè li chita

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay ou menm ak tibebe ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay tibebe ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay tibebe ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske tibebe ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen anvan?
- Èske tibebe ou an gen bezwen nenpòt swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen kò tibebe ou an pi byen. Pa rete tann. Si tibebe ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè tibebe ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye tibebe ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè ki nan Eta ou a oswa teritwa ou a pou w konnen si tibebe ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w ede tibebe ou an, ale sou [cdc.gov/Concerned](https://www.cdc.gov/Concerned).

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



Ede tibebe ou an aprann epi grandi

Antanke premye pwofesè tibebe ou an, ou ka ede l pou l aprann ak pou devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè epi ak pwofesè tibebe ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman tibebe ou an.



- Fè jwèt “vatevyen” avèk tibebe ou an. Lè tibebe ou an souri, ou souri; lè li fè son, ou kopye son yo. Sa ede l aprann vin sosyal.
- “Fè lekti” pou tibebe ou an chak jou nan gade foto ki gen anpil koulè nan magazin oswa liv epi pale sou yo. Reponn li lè li gazouye epi “li fè lekti” tou. Pa egzanp, si li fè son, di “Wi, se chyen an!”
- Montre tibebe ou an nouvo bagay epi bay non bagay yo. Pa egzanp, lè nou nan pwomnad, montre machin, pyebwa ak bèt yo.
- Chante pou tibebe ou an epi jwe mizik. Sa pral ede sèvo l devlope.
- Limite tan ou pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye), rete sèlman pou apèl videyo avèk moun pwòch ou yo. Tan devan ekran pa rekòmande pou timoun ki pi piti ke 2 zan. Tibebe yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Lè tibebe ou an ap gade yon bagay, montre bagay la ak dwèt ou epi pale sou li.
- Mete tibebe ou an sou vant li oswa sou do l epi mete jwèt jis kote li pa ka rive. Ankouraje l pou l woule pou rive nan jwèt yo.
- Aprann entèprete karaktè tibebe ou an. Si li kontan, kontinye fè sa w ap fè a. Si li fache, pran yon ti poz epi konsole tibebe ou an.
- Pale avèk doktè tibebe ou an konsènan kilè pou w kòmanse manje solid epi ki manje ki riske toufe l. Lèt tete oswa lèt nan bwat se sous “manje” ki toujou pi enpòtan pou tibebe ou an.
- Aprann kilè tibebe ou an grangou oswa kilè vant li plen. Lonje dwèt sou manje yo, louvri bouch li pou yon kiyè, oswa kontan anpil lè li wè manje se siy ki endike li grangou. Gen lòt siy, tankou pouse manje lwen, fèmen bouch li, oswa vire tèt li lwen manje a, di ou li te pran ase manje.
- Ede tibebe ou an aprann ke li kapab kalme tèt li. Pale dousman, kenbe l, dodine l, oswa chante pou li, oswa kite l souse dwèt li oswa yon sison. Ou ka ofri yon jwèt prefere oswa yon nounous pandan ou kenbe l oswa w ap dodine l.
- Kenbe tibebe ou an dwat pandan l chita. Kite l gade ozalantou epi ba li jwèt pou l gade pandan l ap aprann ekilibre tèt li.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Tibebe ou nan 9 mwa*

Non Tibebe a

Laj Tibebe a

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason tibebe ou an jwe, aprann, pale, aji, ak bouje ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan tibebe ou an te atenn rive nan laj 9 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè tibebe ou an sou etap enpòtan tibebe ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò tibebe fè rive nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Li timid, kolan, oswa pè lè li bòkote etranje
- ☐ Montre plizyè ekspresyon figi, tankou kontan, tris, ankòlè, ak sezi
- ☐ Gade lè ou rele non li
- ☐ Reyaji lè ou pati (gade, chèche jwenn ou, oswa kriye)
- ☐ Souris oswa ri lè ou jwe peek-a-boo (kache figi, epi dekouvri figi)

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Fè son diferan tankou “mamamama” ak “babababa”
- ☐ Leve bra pou yo pote l

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Chèche objè lè yo vin kote li pa wè yo (tankou kiyè li oswa jwèt li)
- ☐ Frape de bagay ansanm

Etap enpòtan Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Mete tèt li nan pozisyon chita pou kont li
- ☐ Deplase bagay yo sot nan yon men mete nan lòt men l
- ☐ Sèvi ak dwèt pou “rakle” manje nan direksyon li
- ☐ Chita san sipò

* Li lè pou fè depistaj devlopman!

Nan laj 9 mwa, tibebe ou an dwe fè depistaj pou devlopman jeneral, jan Akademi Ameriken Pedyatri rekòmande sa pou tout timoun yo. Mande doktè a ransèyman sou depistaj pou devlopman tibebe ou an.

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay ou menm ak tibebe ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay tibebe ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay tibebe ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske tibebe ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen anvan?
- Èske tibebe ou an gen bezwen nenpòt swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen kò tibebe ou an pi byen. Pa rete tann. Si tibebe ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè tibebe ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye tibebe ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè ki nan Eta ou a oswa teritwa ou a pou w konnen si tibebe ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w ede tibebe ou an, ale sou **[cdc.gov/Concerned](https://www.cdc.gov/Concerned)**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



Ede tibebe ou an aprann epi grandi

Antanke premye pwofesè tibebe ou an, ou ka ede l pou l aprann ak pou devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè epi ak pwofesè tibebe ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman tibebe ou an.

- Repete son tibebe ou an epi sèvi avèk son sa yo pou di mo senp. Pa egzanp, si tibebe ou an di “bababa”, repete “bababa”, epi apre sa di “liv.”
- Mete jwèt yo atè a oswa sou yon tapi pou jwe kote li pa ka pa rive lejèman epi ankouraje tibebe ou an rale, deplase sou kote, oswa woule pou jwenn yo. Selebre lè li rive nan yo.
- Aprann tibebe ou an voye men fè “babay” oswa souke tèt li pou di “non.” Pa egzanp, voye men epi di “babay” lè w ap pati. Epitou, ou ka anseye lang siy senp tibebe pou ede tibebe ou an di w kisa li vle anvan li ka sèvi ak mo.
- Jwe jwèt, tankou peek-a-boo. Ou ka kouvri tèt ou avèk yon twal epi wè si tibebe ou an ap rale twal la.
- Pou jwe avèk tibebe ou an, devide blòk sot nan yon veso epi tounen mete yo ansanm nan veso a.
- Jwe jwèt avèk tibebe ou an, tankou se tou pa m, se tou pa w. Pou eseye sa a, pase yon jwèt ale vini.
- “Fè lekti” pou tibebe ou an. Lekti a kapab se pale apwopo foto. Pa egzanp, pandan n ap gade nan liv oswa magazin, bay non imaj yo pandan w ap montre yo.
- Limite tan ou pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye), rete sèlman pou apèl videyo avèk moun pwòch ou yo. Tan devan ekran pa rekòmande pou timoun ki pi piti ke 2 zan. Tibebe yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Jwenn enfòmasyon sou risk pou toufe ak sou manje ki an sekirite pou nourri tibebe ou an. Kite l antrene bay tèt li manje avèk dwèt li epi sèvi ak yon goblè ki gen yon ti kantite dlo. Chita akote tibebe ou an epi apresye moman repa ansanm. Atann pou gen devèsman. Aprantisaj se bagay ki an dezòd ak amizan!
- Mande konpòtman ou vle yo. Pa egzanp, olye w di “pa kanpe”, di “li lè pou w chita.”
- Ede tibebe ou an vin abitye avèk manje ki gen diferan gou ak epesè. Manje yo ka lis, kraze, oswa koupe byen fen. Tibebe ou an ka pa renmen tout manje nan premye esè a. Ba li yon chans pou l plede eseye manje.
- Di yon orevwa rapid epi avèk kè kontan olye pou w fofile pou tibebe ou an konnen ou ale, menm si li kriye. Li pral aprann kalme tèt li epi ak kisa pou l atann li. Pou fè l konnen lè w retounen, di “papi tounen!”

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Tibebe ou nan 12 mwa

Non Tibebe a

Laj Tibebe a

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason tibebe ou an jwe, aprann, pale, aji, ak bouje ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan tibebe ou an te atenn rive nan laj 12 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè tibebe ou an sou etap enpòtan tibebe ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.



Kisa pifò tibebe fè rive nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Jwe jwèt avèk ou, tankou pat-a-cake (fè bat men ak chante timoun)

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Voye men pou fè “babay”
- ☐ Rele yon paran “mama” oswa “papa” oswa yon lòt non espesyal
- ☐ Konprann “non” (fè yon poze kout oswa sispann lè ou di sa)

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Mete yon bagay nan yon veso, pa egzanp yon blòk nan yon goblè
- ☐ Chèche bagay li te wè ou kache, pa egzanp yon jwèt anba yon dra

Etap enpòtan Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Rale monte pou l kanpe
- ☐ Mache, pandan li kenbe mèb
- ☐ Bwè nan yon goblè san kouvèti, pandan ou kenbe goblè a
- ☐ Ranmase bagay ant gwo pous ak dwèt endèks, tankou ti moso manje

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay ou menm ak tibebe ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay tibebe ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay tibebe ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske tibebe ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen anvan?
- Èske tibebe ou an gen bezwen nenpòt swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen kò tibebe ou an pi byen. Pa rete tann. Si tibebe ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè tibebe ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye tibebe ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè ki nan Eta ou a oswa teritwa ou a pou w konnen si tibebe ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w ede tibebe ou an, ale sou [cdc.gov/Concerned](https://www.cdc.gov/Concerned).

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



Ede tibebe ou an aprann epi grandi

Antanke premye pwofesè tibebe ou an, ou ka ede l pou l aprann ak pou devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè epi ak pwofesè tibebe ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman tibebe ou an.



- Anseye tibebe ou an “konpòtman dezire yo.” Montre li kisa pou l fè epi utilize mo pozitif oswa ba li akolad ak bo lè li fè sa. Pa egzanp, si li rale ke bèt kay ou, aprann li kòman pou l karese bèt la dousman epi ba li yon akolad lè li fè l.
- Pale oswa chante pou tibebe ou an apwopo sa w ap fè a. Pa egzanp, “Manmi ap lave men w” oswa chante, “Se konsa nou lave men nou.”
- Apiye sou sa tibebe ou an eseye di. Si li di “ka,” di “Wi, truck (yon kamyon),” oswa si li di “kamyon,” di “Wi, sa se yon gwo kamyon ble.”
- Pou w reyoryante tibebe ou an byen vit epi regilyèman, ba li yon jwèt oswa deplase li si l ale nan bagay kote ou pa vle li ale. Sere “non” yo pou konpòtman ki danjere. Lè ou di “non,” di sa byen fèm. Pa kale l, rele sou li, oswa ba li eksplikasyon ki long.
- Bay tibebe ou an kote ki an sekirite pou li eksplòre. Mete mezi pwoteksyon pou tibebe lakay ou. Pa egzanp, deplase bagay ki file oswa bagay ki ka kase yo kote li pa rive jwenn yo. Fèmen a kle medikaman, pwodui chimik, ak pwodui netwayaj yo. Anrejistre nimewo Liy Èd pou Pwazon an, 800-222-1222, nan tout telefòn yo.
- Reponn avèk mo lè tibebe ou an montre yon bagay ak dwèt li. Tibebe yo lonje dwèt pou yo mande bagay. Pa egzanp, di “Ou vle tas la? Men tas la. Se tas ou.” Si li eseye di “cup (tas),” selebre tantativ li.
- Montre bagay ki enteresan ke ou wè, tankou yon kamyon, otobis, oswa bèt. Sa ap ede tibebe ou an pote atansyon sou sa lòt moun ap “montre” li nan lonje dwèt.
- Limite tan ou pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye), rete sèlman pou apèl videyo avèk moun pwòch ou yo. Tan devan ekran pa rekòmande pou timoun ki pi piti ke 2 zan. Tibebe yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Bay tibebe ou an dlo, lèt tete, oswa lèt òdinè. Ou pa bezwen bay tibebe ou an ji, men si ou fè sa, ba li 4 ons ji fwi 100% oswa mwens pa jou. Pa bay tibebe ou an lòt bwason ki sikre, tankou bwason fwi, soda, bwason espò, oswa lèt avèk gou ajoute.
- Ede tibebe ou an vin abitye avèk manje ki gen diferan gou ak epesè. Manje yo ka lis, kraze, oswa koupe byen fen. Tibebe ou an ka pa renmen tout manje nan premye esè a. Ba tibebe ou an yon chans pou l plede eseye manje.
- Bay tibebe ou an tan pou l aprann konnen yon nouvo moun k ap bay swen. Pote yon jwèt prefere, yonnounous, oswa yon dra pou ede konsole tibebe ou an.
- Bay tibebe ou an po ak kastwòl oswa yon ti enstriman mizik tankou yon tanbou oswa senbal. Ankouraje tibebe ou an fè bri.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou an nan laj 15 mwa

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 15 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Kopye lòt timoun pandan y ap jwe, tankou retire jwèt sot nan yon veso lè yon lòt timoun fè sa
- ☐ Montre w yon objè li renmen
- ☐ Bat bravo lè li kontan anpil
- ☐ Bay poupe boure oswa lòt jwèt akolad
- ☐ Montre ou afeksyon (anbrase, karese, oswa bo ou)

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Eseye di youn oubyen de mo apa “mama” oswa “papa,” tankou “ba” pou ball (boul) oswa “da” pou dog (chyen)
- ☐ Gade yon objè li abitye ak li lè ou di non objè a
- ☐ Swiv direksyon yo bay avèk ni jès ni mo. Pa egzanp, li ba w yon jwèt lè w lonje men w epi w di: “Bann m jwèt la.”
- ☐ Lonje dwèt li pou l mande yon bagay oswa pou li jwenn èd

Etap enpòtan Koyitif (apran, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Eseye sèvi ak bagay nan bon fason an, tankou yon telefòn, goblè, oswa liv
- ☐ Anpile omwen de ti objè, tankou blòk

Etap enpòtan Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Fè kèk pa poukont li
- ☐ Sèvi ak dwèt li yo pou bay tèt li kèk manje



Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè nan Eta ou oswa teritwa ou a pou w konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l. Aprann plis epi jwenn nimewo a nan **cdc.gov/FindEI**.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou **cdc.gov/Concerned**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Ede timoun ou an aprann pale. Premye mo yon timoun pa konplè. Repete epi ajoute nan sa li di a. Li ka di “ba” pou ball (boul) epi ou ka di “Ball, wi, se yon ball.”
- Di timoun ou an non objè yo lè li lonje dwèt sou yo epi tann kèk segonn pou wè si li fè nenpòt son anvan ou remèt li objè a. Si li fè yon son, rekonèt timoun lan, epi repete non objè a. “Wi! Kèp.”
- Jwenn fason pou kite timoun ou ede pou aktivite toulejou yo. Kite l jwenn soulye l pou l ale deyò, mete ti goute yo nan sachè pou ale nan pak, oswa mete chosèt yo nan panye a.
- Se pou ou gen woutin regilye pou dòmi ak pou manje. Kreye yon lè pou dòmi ki kalm, trankil pou timoun ou. Mete pijama l, bwose dan l epi fè lekti nan 1 oubyen 2 liv pou li. Timoun ki gen ant 1 ak 2 zan bezwen ant 11 a 14 èdtan somèy pa jou (sa gen ladann ti kabicha yo). Tan somèy regilye rann sa pi fasil!
- Montre timoun ou an bagay diferan, tankou yon chapo. Mande l: “Kisa ou fè avèk yon chapo? Ou mete l sou tèt ou.” Mete l sou tèt ou epi apre sa ba li l pou wè si l ap kopye w. Fè sa avèk lòt objè, tankou yon liv oswa yon tas.
- Chante chanson avèk jès, tankou “Wheels on the Bus (Wou otobis la).” Gade si timoun ou an eseye fè kèk nan aksyon yo.
- Di sa ou panse timoun ou an santi (pa egzanp, tris, ankòlè, fristre, kontan). Sèvi avèk mo ou, ekspresyon vizaj ou, epi vwa w pou montre sa ou panse li santi. Pa egzanp, di “Ou fristre paske nou pa ka ale deyò, men ou pa ka frape. Ann al chèche yon jwèt pou jwe andedan.”
- Atann ou ak kriz kòlè. Yo nòmal nan laj sa a epi yo gen plis chans rive si timoun ou an fatigue oswa grangou. Kriz kòlè yo ta dwe vin pi kout epi rive mwens amezi li vin pi gran. Ou ka eseye yon distraksyon, men pa gen pwoblèm pou kite l fè kriz kòlè san ou pa fè anyen. Ba l yon ti tan pou l kalme l epi ale nan yon lòt bagay.
- Anseye timoun ou an “konpòtman dezire yo.” Montre li kisa pou l fè epi utilize mo pozitif oswa ba li akolad ak bo lè li fè sa. Pa egzanp, si li rale ke bèt kay ou, aprann li kòman pou l karese bèt la dousman. Ba li yon akolad lè li fè l.
- Limite tan ou pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye), rete sèlman pou apèl videyo avèk moun pwòch ou yo. Tan devan ekran pa rekòmande pou timoun ki pi piti ke 2 zan. Timoun yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Ankouraje timoun ou jwe avèk blòk. Ou ka anpile blòk yo epi li ka fè yo tonbe.
- Kite timoun ou an sèvi ak yon tas san kouvèti pou bwè epi antrene l manje avèk yon kiyè. Aprann manje ak bwè se yon bagay ki an dezòd men ki amizan!

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou an nan laj 18 mwa*

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 18 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Deplase lwen ou, men ap gade pou asire ke ou toupse
- ☐ Lonje dwèt pou montre w yon bagay enteresan
- ☐ Mete men deyò pou w lave yo
- ☐ Gade kèk paj nan yon liv avèk ou
- ☐ Pa pouse bra antre nan manch rad oswa leve pye l pou ede w abiye l

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Eseye di twa mo oswa plis apade “mama” oswa “papa”
- ☐ Swiv direksyon yon sèl etap san okenn jès, tankou ba ou jwèt la lè ou di, “Ban mwen l.”

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Kopye ou k ap fè travay nan kay, tankou bale ak yon bale
- ☐ Jwe avèk jwèt nan yon fason senp, tankou pouse yon machin jwèt

Etap enpòtan Mouvmman/Devlopman Fizik

- ☐ Mache san kenbe okenn moun oswa anyen
- ☐ Fè madjigidji
- ☐ Bwè nan yon goblè san kouvèti, epi gendwa devèse pafwa
- ☐ Bay tèt li manje avèk dwèt li
- ☐ Eseye sèvi ak yon kiyè
- ☐ Monte ak desann sou yon kanape oswa sou yon chèz san èd

* Li lè pou fè depistaj devlopman!

Nan laj 18 mwa, timoun ou an dwe fè depistaj pou devlopman jeneral ak yon depistaj pou otis, jan Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP) rekòmande pou tout timoun. Mande doktè a ransèyman sou depistaj pou devlopman timoun ou an.

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an plis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè nan Eta ou oswa teritwa ou a pou w konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l. Aprann plis epi jwenn nimewo a nan **cdc.gov/FindEI**.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou **cdc.gov/Concerned**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Sèvi ak mo pozitif epi bay plis atansyon pou konpòtman ou vle wè yo (“konpòtman dezire”). Pa egzanp, “Gade kijan ou byen ranje jwèt la.” Bay mwens atansyon ak sa ou pa vle wè yo.
- Ankouraje jwèt “imajinasyon”. Bay timoun ou an yon kiyè pou li ka pran pòz l ap bay nounous li manje. Fè jwèt imajinasyon atoudewòl.
- Ede timoun ou aprann santiman lòt moun ak fason pozitif pou l reyaji. Pa egzanp, lè li wè yon timoun ki tris, di “Li sanble tris. Ann pote yon ti nounous pou li.”
- Poze kesyon senp pou ede timoun ou an reflechi sou sa ki toutotou l. Pa egzanp, mande l: “Kisa sa ye?”
- Kite timoun ou an sèvi ak yon tas san kouvèti pou bwè epi antrene l manje avèk yon kiyè. Aprann manje ak bwè se yon bagay ki an dezòd men ki amizan!
- Ba li chwa ki senp. Kite timoun ou an chwazi ant de bagay. Pa egzanp, lè w ap abiye l, mande l si li vle mete chemiz wouj lan oswa ble a.
- Se pou ou gen woutin regilye pou dòmi ak manje. Pa egzanp, chita bò tab la avèk timoun ou an lè l ap manje repa ak ti goute yo. Sa ede kreye woutin moman repa pou fanmi ou.
- Limite tan ou pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye), rete sèlman pou apèl videyo avèk moun pwòch ou yo. Tan devan ekran pa rekòmande pou timoun ki pi piti ke 2 zan. Timoun yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun. Limite pwòp tan pa ou devan ekran lè ou avèk timoun ou an pou ou kapab reponn pawòl li ak reyaji pou aksyon li yo.
- Mande doktè ak/oswa pwofesè timoun ou si timoun ou an pare pou fòme pou utilize twalèt. Pifò timoun pa reyisi fòme pou utilize twalèt jiskaske yo gen 2 a 3 zan. Si li pa pare, sa ka lakòz estrès ak enkonvenyan, ki ka lakòz fòmasyon an pran plis tan.
- Atann ou ak kriz kòlè. Yo nòmal nan laj sa a epi yo ta dwe vin pi kout epi rive mwens souvan amezi timoun ou an ap vin pi gran. Ou ka eseye distraksyon, men pa gen pwoblèm pou ou inyore kriz kòlè a. Ba l yon ti tan pou l kalme l epi ale nan yon lòt bagay.
- Pou pale avèk timoun ou an, ba li fas epi desann nan wotè zye li lè sa posib. Sa ede timoun ou an “wè” sa w ap di a atravè zye ou ak nan figi w, e pa sèlman pawòl ou yo.
- Pou kòmanse anseye timoun ou an non pati nan kò yo, montre yo epi di bagay tankou “Men nen ou, men nen mwen,” pandan w ap montre nen li ak pwòp nen pa ou.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou nan laj 2 zan*

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 2 zan. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Remake lè lòt moun fwase oswa fache, tankou fè yon poze oswa sanble tris lè yon moun ap kriye
- ☐ Gade figi ou pou wè kòman pou reyaji nan yon nouvo sitiyasyon

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Montre bagay ki nan yon liv lè ou mande, tankou "Kote lous la?"
- ☐ Di omwen de mo ansanm, pa egzanp "Plis lèt."
- ☐ Montre omwen de pati nan kò lè w mande l pou l montre w
- ☐ Sèvi ak plis jès pase jis voye men ak montre, tankou voye yon bo oswa souke tèt pou di wi

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Kenbe yon bagay nan yon men pandan l ap itilize lòt men an; pa egzanp, kenbe yon veso epi retire kouvèti a
- ☐ Eseye itilize switch, manch, oswa bouton sou yon jwèt
- ☐ Jwe avèk plis pase yon sèl jwèt an menm tan, tankou mete manje jwèt nan yon jwèt asyèt

Etap enpòtan Mouvmant/Devlopman Fizik

- ☐ Choute yon balon
- ☐ Kouri
- ☐ Monte (pa grenpe) kèk mach eskalye avèk oswa san èd
- ☐ Manje avèk yon kiyè

* Li lè pou fè depistaj devlopman!

Nan laj 2 zan, timoun ou an dwe fè yon depistaj pou otis, jan Akademi Ameriken Pedyatri rekòmande sa pou tout timoun yo. Mande doktè a ransèyman sou depistaj pou devlopman timoun ou an.

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyète:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè nan Eta ou oswa teritwa ou a pou w konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l. Aprann plis epi jwenn nimewo a nan **cdc.gov/FindEI**.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou **cdc.gov/Concerned**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics




DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®



Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Ede timoun ou aprann kòman son mo yo ye, menm si li poko ka di yo aklè. Pa egzanp, si timoun ou an di, “oswa nana,” di “Ou vle plis banana (fig).”
- Siveye timoun ou an depre pandan jwèt ak lòt timoun. Timoun nan laj sa a jwe youn akote lòt, men yo pa konnen kòman pou yo pataje ak rezoud pwoblèm. Pou montre timoun ou an kòman pou li fè fas ak konfli, ede li pataje, fè atoudewòl, epi sèvi ak mo lè sa posib.
- Pou fè timoun ou an ede w prepare pou moman repa, kite l pote bagay sou tab la, tankou goblè an plastik oswa napkin. Remèsye timoun ou an poutèt li ede.
- Bay timoun ou voye boul pou l choute, woule, ak voye.
- Bay jwèt ki anseye timoun ou kòman pou fè bagay mache ak kòman pou rezoud pwoblèm. Pa egzanp, ba li jwèt kote li ka peze yon bouton epi yon bagay rive.
- Kite timoun ou jwe abiye tèt li avèk rad granmoun, tankou soulye, chapo, ak chemiz. Sa ede l kòmanse fè jwèt imajinasyon.
- Pèmèt timoun ou an manje anpil oswa tikras jan li vle nan chak repa. Timoun piti yo pa toujou manje menm kantite oswa menm kalite manje chak jou. Travay ou se ofri li manje ki bon pou la sante epi se travay timoun ou an pou l deside si li bezwen manje epi ki kantite.
- Se pou ou gen woutin regilye pou dòmi ak pou manje. Kreve yon lè pou dòmi ki kalm, trankil pou timoun ou. Mete pijama l, bwose dan l epi fè lekti nan 1 oubyen 2 liv pou li. Timoun nan laj sa a bezwen 11 a 14 èdtan somèy pa jou (sa gen ladann ti kabicha yo). Tan somèy regilye rann sa pi fasil.
- Mande doktè ak/oswa pwofesè timoun ou an enfòmasyon sou fòmasyon pou utilize twalèt pou w konnen si timoun ou an pare pou kòmanse. Pifò timoun yo pa kapab antrene pou utilize twalèt jiskaske yo gen 2 a 3 zan. Si w kòmanse twò bonè, sa ka lakòz estrès ak enkonvenyan, ki ka lakòz fòmasyon an pran plis tan.
- Sèvi ak mo pozitif lè timoun ou an yon bon moun k ap ede. Kite l ede fè kèk travay ki senp, tankou mete jwèt oswa lesiv nan yon panye.
- Jwe avèk timoun ou an deyò, nan jwèt “prepare, prè, ale.” Pa egzanp, rale timoun ou an sou yon balansin. Di “Prepare, prè...”, apre sa, rete tann epi di “Ale” lè ou pouse balansin lan.
- Kite timoun ou an kreye pwojè atistik senp avèk ou. Bay timoun ou an kreyon koulè oswa mete penti dwèt sou papyè epi kite l gaye penti a epi fè pwèn pou li eksplòre. Kwoke li sou miray oswa sou frijidè a pou timoun ou ka wè li.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou an nan laj 30 mwa*

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 30 mwa. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Jwe akote lòt timoun epi pafwa jwe avèk yo
- ☐ Pou montre w sa li ka fè, li di: "Gade m!"
- ☐ Swiv woutin ki senp lè yo di yo, pa egzanp ede ranmase jwèt lè ou di, "Li lè pou fè netwayaj."

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Li di apeprè 50 mo
- ☐ Li di de oswa plis mo, avèk yon mo aksyon, tankou "Toutou kouri"
- ☐ Bay non bagay ki nan yon liv lè w montre yo epi w mande, "Kisa sa ye?"
- ☐ Di mo tankou "mwen", "mwenmenm" oswa "nou"

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Sèvi ak bagay pou fè tankou, pa egzanp bay yon poupe manje yon blòk kòm si se manje

- ☐ Montre konpetans senp pou rezoud pwoblèm, tankou kanpe sou yon ti tabourè pou rive jwenn yon bagay
- ☐ Swiv enstriksyon an de etap tankou "Depoze jwèt la epi fèmen pòt la."
- ☐ Montre li konnen omwen yon koulè, pa egzanp li lonje dwèt sou yon kreyon wouj lè w mande, "Kilès ki wouj?"

Etap enpòtan Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ Sèvi ak men pou tòde bagay, tankou vire manch pòt oswa devise kouvèti
- ☐ Wete kèk rad pou kont li, tankou pantalon ki laj oswa yon jakèt ki louvri
- ☐ Sote sot atè a ak toude pye
- ☐ Vire paj nan liv, youn pa youn, lè w ap fè lekti pou li

* Li lè pou fè depistaj devlopman!

Nan laj 30 mwa, timoun ou an dwe fè depistaj pou devlopman jeneral, jan Akademi Ameriken Pedyatri rekòmande sa pou tout timoun yo. Mande doktè a ransèyman sou depistaj pou devlopman timoun ou an.



Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- ☐ Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- ☐ Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- ☐ Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- ☐ Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- ☐ Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an piplis; epi
2. Rele pwogram entèvansyon bonè nan Eta ou oswa teritwa ou a pou w konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l. Aprann plis epi jwenn nimewo a nan **cdc.gov/FindEI**.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou **cdc.gov/Concerned**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Ankouraje “jwèt lib”, kote timoun ou an ka swiv sa ki enterese l, eseye nouvo bagay, epi sèvi ak bagay yo nan nouvo fason.
- Sèvi ak mo pozitif epi bay plis atansyon pou konpòtman ou vle wè yo (“konpòtman dezire”) pase sa ou pa vle wè yo. Pa egzanp, di “Mwen renmen jan ou te bay Jordan jwèt la.”
- Bay timoun ou an chwa manje ki senp epi ki bon pou la sante. Kite l chwazi sa pou l manje pou yon ti goute oswa kisa pou l mete sou li. Limite chwa yo a de oswa twa chwa.
- Poze timoun ou an kesyon senp sou liv ak istwa. Poze kesyon tankou “Kiyès?” “Kisa?” ak “Kikote?”
- Ede timoun ou aprann kòman pou l jwe avèk lòt timoun. Pou montre l kòman, ede l pataje, fè atoudewòl, epi sèvi ak “mo” li.
- Kite timoun ou an “desine” avèk kreyon koulè sou papyè, krèm razaj sou yon plato, oswa lakrè sou yon twotwa. Si w trase yon liy dwat, gade si li pral kopye w. Lè li vin bon nan liy, montre l kòman pou l trase yon sèk.
- Kite timoun ou an jwe avèk lòt timoun, tankou nan yon pak oswa nan bibliyotèk. Mande enfòmasyon sou gwoup jwèt lokal ak pwogram preskolè yo. Jwe avèk lòt moun ede l aprann valè pataj ak amitye.
- Manje repa ansanm an fanmi tank nou kapab. Bay tout moun menm repa a. Pwofite de konpayi youn ak lòt epi, pandan repa, evite tan nan ekran (televizyon, tablèt, ak telefòn, elatriye).
- Limite tan li pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye) pa plis pase 1 èdtan pa jou nan yon pwogram timoun avèk prezans yon granmoun. Timoun yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Sèvi ak mo pou dekri bagay pou timoun ou an, tankou gwo/piti, rapid/dousman, limen/etenn, ak antre/soti.
- Ede timoun ou an fè jwèt kastèt senp avèk fòm, koulè, oswa bèt. Nonmen chak moso lè timoun ou an mete yo an plas.
- Jwe avèk timoun ou an deyò. Pa egzanp, mennen timoun ou nan pak pou l monte sou ekipman epi kouri nan zòn ki an sekirite.
- Pèmèt timoun ou an manje anpil oswa tikras jan li vle nan chak repa. Travay ou se ofri li manje ki bon pou la sante epi se travay timoun ou an pou l deside si li vle manje epi ki kantite.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou an nan laj 3 lane

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 3 lane. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Li kalme nan 10 minit apre ou kite l, pa egzanp lè ou depoze l nan gadri
- ☐ Remake lòt timoun epi mete ansanm ak yo pou l jwe

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Pale avèk ou nan konvèsasyon avèk itilizasyon omwen de echanj ale vini
- ☐ Poze kesyon “kiyès”, “kisa”, “kikote” oswa “poukisa”, tankou “Kikote manmi/papi ye?”
- ☐ Di ki aksyon k ap pase nan yon imaj oswa yon liv lè yo mande l, pa egzanp “kouri”, “manje,” oswa “jwe”
- ☐ Li di prenon li, lè yo mande l
- ☐ Pale byen ase pou lòt moun konprann pifò lè

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Trase yon sèk, lè ou montre l kòman
- ☐ Evite manyen objè ki cho, tankou yon rechò, lè w avèti l

Etap enpòtan Mouvman/Devlopman Fizik

- ☐ File atik ansanm, tankou gwo pèl oswa makawoni
- ☐ Mete kèk rad pou kont li, tankou pantalon ki laj oswa yon jakèt
- ☐ Sèvi ak yon fouchèt

Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an piplis; epi
2. Rele nenpòt lekòl elemanè piblik lokal pou yon evalyasyon gratis pou konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou **cdc.gov/Concerned**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Ankouraje timoun ou an rezoud pwòp pwoblèm li yo avèk sipò ou. Poze kesyon pou ede l konprann pwoblèm lan. Ede l panse ak solisyon, eseye youn, epi eseye plis si sa nesèsè.
- Pale sou emosyon timoun ou an epi ba li mo pou ede l eksplike kòman li santi l. Pou ede timoun ou an jere santiman estrès, anseye l pou l fè respirasyon anpwofondè, anbrase yon jwèt prefere, oswa ale nan yon kote ki trankil, ki an sekirite lè li fache.
- Fikse kèk règ senp epi klè ke timoun ou ka swiv, tankou sèvi ak men dou lè l ap jwe. Si li vyole yon règ, montre l kisa pou l fè pito. Pi devan, si timoun ou an swiv règ la, rekonèt sa epi fè l konpliman.
- Fè lekti avèk timoun ou an. Poze kesyon, tankou “Kisa k ap pase sou foto a?” epi/oswa “kisa w panse ki pral rive annapre?” Lè li ba ou yon repons, mande l plis detay.
- Jwe jwèt konte. Konte pati nan kò yo, mach eskalye, ak lòt bagay nou itilize oswa wè chak jou. Timoun nan laj sa a ap kòmanse aprann chif yo ak konte.
- Pou ede timoun ou an devlope ladrès nan lang, pale avèk li ak fraz ki pi long pase fraz li, avèk itilizasyon mo reyèl. Repete sa l te di a, pa egzanp, “bezwen nana,” epi apre sa, pou montre kòman pou l itilize plis mo “granmoun”, di, “Mwen vle yon fig.”
- Kite timoun ou an ede prepare repa yo. Ba li travay ki senp, tankou lave fwi ak legim oswa brase.
- Bay timoun ou an machaswiv ki gen 2 oswa 3 etap. Pa egzanp, “Ale nan chanm ou epi pran soulye w ak manto w.”
- Limite tan li pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye) pa plis pase 1 èdtan pa jou nan yon pwogram timoun avèk prezans yon granmoun. Pa mete okenn ekran nan chanmakouche timoun ou an. Timoun yo aprann lè yo pale, jwe ak kominike avèk lòt moun.
- Aprann timoun ou an chante ak rim ki senp, tankou “Itsy Bitsy Spider” oswa “Twinkle, Twinkle, Little Star.”
- Bay timoun ou an yon “bwat aktivite” ki gen papyè, kreyon koulè ak liv pou kolore. Kolore ak trase liy ak fòm avèk timoun ou an.
- Ankouraje timoun ou an jwe avèk lòt timoun. Sa ede l aprann valè amitye ak fason pou li antann li avèk lòt moun.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou an nan laj 4 lane

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 4 lane. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Pran pòz ou se yon lòt bagay pandan jwèt (pwofesè, sipèwo, chyen)
- ☐ Mande pou l ale jwe avèk timoun si pa gen okenn ozalantou, tankou “Èske m ka jwe ak Alex?”
- ☐ Konsole lòt moun ki fwase oswa tris, tankou anbrase yon zanmi k ap kriye
- ☐ Evite danje, tankou pa sote sot nan wotè ki wo nan teren jwèt
- ☐ Renmen bay “èd”
- ☐ Chanje konpòtman selon kote li ye (plas adorasyon, bibliyotèk, teren jwèt)

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Li di fraz ki gen kat mo oswa plis
- ☐ Li di kèk mo apati yon chante, yon istwa, oswa yon chante timoun

- ☐ Pale osijè omwen yon bagay ki te pase pandan jounen li, tankou “Mwen te jwe foutbòl.”
- ☐ Reponn kesyon senp tankou “Ak kisa yon manto sèvi?” oswa “Ak kisa yon kreyon koulè sèvi?”

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Nonmen kèk koulè atik yo
- ☐ Rakonte sa ki vini annapre nan yon istwa byen konnen
- ☐ Desine yon moun ki gen twa pati nan kò oswa plis

Etap enpòtan Mouvmman/Devlopman Fizik

- ☐ Atrap yon gwo boul pifò lè
- ☐ Sèvi tèt li manje oswa vide dlo, avèk sipèvizyon granmoun
- ☐ Deboutonnen kèk bouton
- ☐ Kenbe kreyon koulè oswa kreyon ant dwèt yo ak gwo pous (se pa ponyèt mare)



Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- ☐ Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- ☐ Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- ☐ Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- ☐ Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- ☐ Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an piplis; epi
2. Rele nenpòt lekòl elemanè piblik lokal pou yon evalyasyon gratis pou konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou [cdc.gov/Concerned](https://www.cdc.gov/Concerned).

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Ede timoun ou an pare pou nouvo kote ak pou rankontre nouvo moun. Pa egzanp, ou ka li istwa oswa jwèt wòl (jwèt imajinasyon) pou ede l alèz.
- Fè lekti avèk timoun ou an. Mande l sa k ap pase nan istwa a ak sa li panse ki ka rive annapre.
- Ede timoun ou an aprann koulè, fòm, ak gwosè. Pa egzanp, mande koulè, fòm, ak gwosè bagay li wè pandan jounen an.
- Ankouraje timoun ou an sèvi ak “mo li yo” pou mande bagay ak rezoud pwoblèm, men montre li kòman. Li gendwa pa konnen mo li bezwen yo. Pa egzanp, ede timoun ou an di, “Èske mwen ka fè yon kou?” olye pou li pran yon bagay nan men yon moun.
- Ede timoun ou an aprann santiman lòt moun, ak fason pozitif pou li reyaji. Pa egzanp, lè li wè yon timoun ki tris, di “Li sanble tris. Ann pote yon ti nounous pou li.”
- Sèvi ak mo pozitif epi bay atansyon pou konpòtman ou vle wè yo (“konpòtman dezire”). Pa egzanp, di “Ou pataje jwèt sa a tèlman byen!” Bay mwens atansyon ak sa ou pa vle wè yo.
- Di timoun ou an yon fason senp poukisa li pa ka fè yon bagay ou pa vle li fè (“konpòtman endezirab”). Ba li yon chwa nan sa li ka fè pito. Pa egzanp, “Ou pa ka sote sou kabann lan. Èske ou vle ale deyò epi jwe oswa mete enpe mizik epi danse?”
- Kite timoun ou an jwe avèk lòt timoun, tankou nan yon pak oswa nan bibliyotèk. Mande enfòmasyon sou gwoup jwèt lokal ak pwogram preskolè yo. Lè li jwe avèk lòt moun, sa ede timoun ou an aprann valè pataj ak amitye.
- Manje repa avèk timoun ou an lè sa posib. Kite l wè w ap pran plezi nan manje ki bon pou la sante, tankou fwi, legim ak grenn antye, epi bwè lèt oswa dlo.
- Kreye yon woutin lè pou dòmi ki kalm, trankil. Evite tout tan ekran (televizyon, telefòn, tablèt, elatriye) pandan 1 a 2 èdtan anvan lè dòmi epi pa mete okenn ekran nan chanmakouche timoun ou an. Timoun nan laj sa a bezwen 10 a 13 èdtan somèy pa jou (sa gen ladann ti kabicha yo). Tan somèy regilye rann sa pi fasil!a
- Bay timoun ou an jwèt oswa bagay ki ankouraje imajinasyon li, tankou rad pou abiye, po ak kastwòl pou pran pòz ap kwit manje, oswa blòk pou konstwi. Mete ansanm ak li nan jwèt imajinasyon, tankou manje fo nouriti li kwit la.
- Pran tan pou reponn kesyon “poukisa” timoun ou an poze. Si ou pa konnen repons lan, di “Mwen pa konnen,” oswa ede timoun ou an jwenn repons lan nan yon liv, sou Entènèt, oswa kote yon lòt granmoun.

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.

Timoun ou an nan laj 5 lane

Non Timoun lan

Laj Timoun lan

Dat Jodi a

Etap enpòtan yo gen enpòtans! Fason timoun ou jwe, aprann, pale, aji, ak deplase ofri endikasyon enpòtan sou devlopman li. Verifye etap enpòtan timoun ou an te atenn rive nan laj 5 lane. Nan chak vizit pou timoun ansante, ale avèk sa a epi pale ak doktè timoun ou an sou etap enpòtan timoun ou an te atenn ak sa ou ka atann pwochènman.

Kisa pifò timoun fè nan laj sa a:

Etap enpòtan Sosyal/Emosyonèl

- ☐ Swiv règ yo oswa fè tou pa li lè l ap jwe jwèt avèk lòt timoun
- ☐ Chante, danse, oswa entèprete pou ou
- ☐ Fè travay senp nan kay la, tankou fè koresponn chosèt oswa netwaye tab la apre nou fin manje

Etap enpòtan Langaj/Kominikasyon

- ☐ Rakonte yon istwa li te tande oswa li te kreye ki gen omwen de evènman. Pa egzanp, yon chat te kole sou yon pyebwa epi yon ponpye te sove l
- ☐ Reponn kesyon senp sou yon liv oswa istwa apre ou fin li oswa rakonte l li
- ☐ Kenbe yon konvèsasyon avèk plis pase twa echanj ale retou
- ☐ Itilize oswa rekonèt rim senp (bat-cat [chovsouri-chat], ball-tall [boul-wo])

Etap enpòtan Koyitif (aprann, panse, rezoud pwoblèm)

- ☐ Konte jiska 10
- ☐ Bay non kèk chif ant 1 ak 5 lè w montre l yo
- ☐ Sèvi ak mo apwopo tan, tankou “yè,” “demen,” “maten,” oswa “aswè”
- ☐ Pote atansyon pandan 5 a 10 minit pandan aktivite yo. Pa egzanp, pandan tan istwa oswa travay atistik ak atizana (tan ekran pa konte)
- ☐ Ekri kèk lèt nan non li
- ☐ Nonmen kèk lèt lè ou montre yo

Etap enpòtan Mouvmman/Devlopman Fizik

- ☐ Boutonnen kèk bouton
- ☐ Fè ti sote sou yon pye



Lòt bagay enpòtan pou pataje avèk doktè a...

- Ki kèk bagay oumenm ak timoun ou an fè ansanm?
- Ki kèk bagay timoun ou an renmen fè?
- Èske gen yon bagay timoun ou an fè oswa li pa fè ki enkyete w?
- Èske timoun ou an te pèdi nenpòt konpetans li te genyen otrefwa?
- Èske timoun ou an gen nenpòt bezwen swen sante espesyal oswa èske li te fèt avan lè?

Ou konnen timoun ou an pi byen. Pa rete tann. Si timoun ou an pa atenn youn oswa plizyè etap enpòtan, li pèdi konpetans li te genyen otrefwa, oswa ou gen lòt enkyetid, aji byen bonè. Pale avèk doktè timoun ou an, pataje enkyetid ou yo, epi mande enfòmasyon sou depistaj pou devlopman. Si ou menm oswa doktè a toujou enkyete:

1. Mande yon referans kay yon espesyalis ki ka evalye timoun ou an piplis; epi
2. Rele nenpòt lekòl elemantè piblik lokal pou yon evalyasyon gratis pou konnen si timoun ou an ka jwenn sèvis pou ede l.

Pou jwenn plis sou fason pou ede timoun ou an, ale sou **cdc.gov/Concerned**.

**Pa rete tann.
Si ou aji bonè, sa ka fè
yon gwo diferans !**



American Academy
of Pediatrics



DEDICATED TO THE HEALTH OF ALL CHILDREN®

Ede timoun ou an aprann ak grandi

Antanke premye pwofesè timoun ou an, ou ka ede l nan aprantisaj li ak nan devlopman sèvo l. Eseye konsèy ak aktivite senp sa yo nan fason ki san danje. Pale avèk doktè ak pwofesè timoun ou an si ou gen kesyon oswa pou jwenn plis lide sou fason pou ede devlopman timoun ou an.



- Timoun ou an ka kòmanse “reponn” pou l santi li endepandan epi teste sa k ap pase. Limite atansyon ou bay pou mo negatif yo. Jwenn lòt chwa aktivite pou li fè ki pèmèt li pran devan epi endepandan. Asire ke ou remake bon konpòtman. “Ou te rete kalm lè mwen te di ou li lè pou w dòmi.”
- Mande timoun ou an kisa l ap jwe. Pou ede l elaji repons li yo, mande “Poukisa?” ak “Kòman?” Pa egzanp, di “Sa se yon bèl pon w ap konstwi la. Poukisa ou te mete l la?”
- Jwe avèk jwèt ki ankouraje timoun ou an mete bagay ansanm, tankou jwèt kastèt ak blòk konstriksyon.
- Sèvi ak mo pou ede timoun ou an kòmanse konprann tan. Pa egzanp, chante chanson sou jou yo nan semèn lan epi fè l konnen ki jou li ye. Sèvi ak mo sou tan, tankou jodi a, demen, ak yè.
- Kite timoun ou an fè bagay pou kont li, menm si li pa fè yo pafètman. Pa egzanp, kite l ranje kabann li, boutonnen chemiz li, oswa vide dlo nan yon goblè. Sebre lè li fè yo epi eseye pa “ranje” anyen ou pa oblije ranje.
- Pale sou santiman timoun ou an ak pwòp santiman ou epi ba santiman yo etikèt. Li liv epi pale sou santiman pèsonaj yo genyen ak poukisa yo genyen yo.
- Jwe jwèt rim. Pa egzanp, di “Kisa ki rime ak chat?”
- Aprann timoun ou an respekte règ yo nan jwèt yo. Pa egzanp, jwe jwèt ak pyon senp, jwèt kat, oswa Simon Says.
- Kreye yon plas lakay ou kote pou timoun ou an ale lè li fache. Rete toupre pou timoun ou an konnen li an sekirite epi li ka vin jwenn ou pou èd pou l kalme jan sa nesesè.
- Fikse limit nan tan pase devan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye) pou timoun ou an pou pa plis ke 1 èdtan pa jou. Fè yon plan pou itilizasyon medya pou fanmi ou.
- Manje repa ak timoun ou an epi pwofite tan an fanmi an pou pale ansanm. Bay tout moun menm repa a. Evite tan nan ekran (televizyon, tablèt, telefòn, elatriye) pandan moman repa. Kite timoun ou an ede prepare manje ki bon pou la sante epi apresye yo ansanm.
- Ankouraje timoun ou an “fè lekti” nan gade imaj yo epi rakonte istwa a.
- Jwe jwèt ki ede pou memwa ak atansyon. Pa egzanp, jwe jwèt kat, Tic Tac Toe (Titato), I Spy (devine mo apati premye lèt mo a), oswa Hot and Cold (chèche objè kache).

Pou wè plis konsèy ak aktivite, telechaje aplikasyon Milestone Tracker CDC a.

Lis kontwòl etap enpòtan sa a pa ranplase yon zouti depistaj devlopman estandadize ki konfime. Etap enpòtan nan devlopman sa yo montre kisa pifò timoun (75% oswa plis) ka fè rive nan chak laj. Ekspè yo nan domèn lan te seleksyone etap enpòtan sa yo ki baze sou done ki disponib ak sou akò ant ekspè yo.

www.cdc.gov/ActEarly | 1-800-CDC-INFO (1-800-232-4636)



Download CDC's
free Milestone
Tracker app



Aprann Siy yo. Aji Bonè.